



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 21  
KONTE PALM BEACH COVID-19  
DIREKTIV ANPLIS SOU ETABLISMAN REKREYATIF YO**

**KONSIDERAN**, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijjan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

**KONSIDERAN**, Administratè Konte a, dapre otorite yo ki site anba a, te pibliye plizyè Òdonans Dijans ki gen ladan Òdonans Dijans 2020-005, anvigè nan dat 29 avril 2020, ak Òdonans Dijans 2020-007, anvigè nan dat 18 me 2020, ak Òdonans Dijans 2020-011, anvigè nan dat 11 jen 2020, ki prevwa redemaraj pwogresif aktivite navigasyon bato ak maritim, teren gòlf, pak piblik ak prive, zòn natirèl, teren tenis ak pisin kominotè yo; epi

**KONSIDERAN**, Gouvènè Ron DeSantis nan Dekrè Egzekitif 20-131 an te modifye Dekrè Egzekitif 20-123 ki otorize aktivite jèn òganize yo fèt, ki gen ladan ekip ak lig espò pou jèn, klèb ak pwogram pou jèn, gadri, kan dete ak kan rekreatif pou jèn; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me, jen ak jiyè, ki gen ladan anpil estrateji pou kontwole viris la ki gen ladan men pa limite ak restriksyon sou operasyon biznis ak evènman yo, pwoteksyon figi ak distans sosyal,, egzijans netwayaj ak ijyèn, tèl ak edikasyon piblik te anplwaye pou ralanti pwopagasyon viris la; epi

**KONSIDERAN**, Administratè Konte a, ansanm ak Konsèy Manm Komisyon Konte a, te detèmine kounye ke, konsidere entèkansyon ki mansyone anwo yo, plan nesèsè yo anplas pou re-ouvèti san danje teren jwèt yo ak kèk lòt etablisman pak; epi

**KONSIDERAN**, avantaj egzèsis sou sante ak aktivite jwèt yo pou timoun ak granmoun yo ke CDC ak tout lòt òganizasyon lejitim yo rekonèt; epi

**KONSIDERAN**, li preferab ak pridan nan moman sa a pou amande plis Òdonans Dijans 2020-005 Konte Palm Beach lan pou pèmèt re-ouvèti teren jwèt ak kèk lòt etablisman pak yo.

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa aplike nan tout zòn nan Konte Palm Beach ki entegre ak pa entegre.
3. Òdonans Dijans 2020-005 la, jan Òdonans Dijans 2020-007 ak Òdonans Dijans 2020-011 amande li, li amande plis konsa:
  - a. Anèks 4, Revizyon 2 ki nan Òdonans Dijans 2020-011 lan epi ki gen tit “Kondisyon pou Re-ouvèti Pak Piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo” revize pou otorize aktivite annapre yo, kote tout itilizatè yo asime tout risk ki asosye ak itilizasyon aktivite yo:
    1. Pak patinaj ak pis bisiklèt yo ka ouvri sou sipèvizyon jan direksyon pak la detèmine sa;
    2. Tout teren jwèt pak, teren jwèt akwatik, ekipman jwèt ak egzèsis ka ouvri;
    3. Fontèn dlo yo ka ouvri;
    4. Teren volebòl yo ka ouvri;

5. Teren kanping yo ka pran rezèvasyon pou sejou nan dat 1ye oktòb 2020 oswa apre;
6. Sant espò sipèvize ki gen limyè yo ka ouvri apre kouche solèy; epi
7. Aktivite espò pou granmoun ak lig yo otorize.

Tout lòt dispozisyon Òdonans Dijans 2020-005 lan, jan Òdonans Dijans 2020-007 ak Òdonans Dijans 2020-011 amande yo, rete anvigè nan mezi pa gen konfli ak dispozisyon Òdonans sa a.

4. Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsònèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsònèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou ranfòse Òdonans sa a an akò ak dispozisyon Òdonans Dijans 2020-017 la ak nenpòt amannman ladan.

5. Nenpòt dispozisyon nan Amannman sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Amannman sa a avèk rès Amannman an ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Amannman sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Amannman sa a. Dispozisyon Amannman sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Amannman sa a.

6. Amannman sa a dwe antre anvigè nan 05:00 a.m. nan dat 27 out 2020. Amannman sa ap ekspire lè Eta Dijans Lokal la ekspire, piske lòt òdonans oswa deklarasyon ka pwolonje li, amwenske lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a mete fen ladan anvan sa.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: [Siyati]  
Administratè Konte

27 out 2020  
Dat

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]  
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]  
Pwokirè Konte